


## De (2) nouvo etidyan soutni memwa lisans yo nan lang kreyòl ayisyen



« Tretman lang kreyòl la andedan lekòl yo nan departman Sid », se sijè memwa sa a etidyan Angeline VEILLARD ak Diachoix BELFOND soutni nan « *Université Publique du Sud Aux Cayes (UPSAC)* », 9 me 2023 a.

Après ekspoze etidyan yo, jiri a valide travay yo a epi ba yo grad *Lisansye* nan Syans edikasyon. Akademi Kreyòl Ayisyen te kontan rankontre yo e yo te reponn kèk kesyon nou te poze yo.

### AKA : Ki kote lide fè memwa lisans nan lang kreyòl ayisyen an soti ?

**Repons :** Lide fè memwa nan lang kreyòl ayisyen an soti nan koyerans ki genyen ant sa nou te konn ap viv lè nou timoun lekòl ak reyalite nou t ap viv andedan inivèsite a. Lè nou te timoun, yo te konn entèdi kamarad nou yo pale kreyòl, nan fakilte a tou, yo entèdi etidyan yo pale kreyòl.

Nou te chwazi franse-kreyòl lè nou te gen pou espesyalize nou apre 2 lane etid nan syans edikasyon, menm la a gen etidyan ki te konn pran pinisyon paske y ap pale kreyòl. Opsyon fè franse-kreyòl la vini, paske nou te nan yon sitiyasyon ki pa favorize kreyòl la, la menm lide a vini nou di n ap ekri memwa nou an kreyòl pou bay jarèt ak etidyan k ap vini apre nou yo.

### AKA : Èske nou kapab prezante travay la pou piblik Akademi an ?

**Repons :** Travay la gen pou tit « Tretman lang kreyòl la andedan lekòl yo nan departman sid ». Nan travay sila nou t ap chache konnen « kouman MENFP, Direktè lekòl, ak pwofesè yo trete lang kreyòl la andedan lekòl yo ? »

Pou nou te kapab reponn kesyon sa nou te divize travay la an 4 chapit : premye chapit la pote tit « **Lang, yon zouti sosyal** », dezyèm chapit la : « **Lang ak lekòl nan peyi Ayiti** », twazyèm nan gen tit « **Metodoloji** » epi katriyèm nan : « **Entèpretasyon ak Diskisyon done yo** ». Chak chapit pote baz solid pou konpreyansyon chapit ki pral swiv la.

Nou kolekte done nan twa (3) komin (Kavayon, Okay ak Chantal), nou chwazi 2 lekòl nan chak komin, sa ki fè yon total 6 lekòl ( 2 kongreganis, 2 piblik, 1 Prive layik, 1 presbiteral). Pami lekòl sa yo genyen ki te twouve yo nan seksyon kominal ki byen lwen vil yo.

Aprè kolèk, tretman epi analiz done yo, nou tire konklizyon « **Lang kreyòl la jwenn yon tretman demi mezi andedan lekòl yo nan depatman sid** ».

Nan finisman travay la nou esplike limit li, kontribisyon l ak ouvèti li fè pou lòt rechèch nan lang kreyòl la. Tout travay la fèt sou yon total 170 paj. Nonsèlman nan anèks la gen tout enstriman kolèk done yo, men tou lektè yo ap jwenn retranskripsyon tout antretyen nou fè yo.

**AKA : Èske echantiyon nou chwazi a sifizan parapò ak konklizyon nou tire nan travay la ?**

**Repons :** Echantiyon nou an divèsifye jan sa dwe ye pou yon echantiyon kalitatif. Nou pa kapab di echantiyon an pèmèt nou tire yon konklizyon ki asire ak 100%, Men si nou konsidere kalite rechèch nou an, fyabilite done yo, enstriman nou itilize yo, nou kapab di kominote syantifik la kapab fè konklizyon nou tire a kredi.

**AKA : Nou se 2 premye etidyan ki fè memwa lisans yo an kreyòl nan UPSAC, kisa sa vle di pou nou ?**

**Repons :** Nou remèsye tout sa n pa wè yo ki pèmèt nou fè yon pa nan milyon ki gen pou fèt la. Se yon bagay ki make lespri nou, se yon konba ki bay konfyans ak anpil moun, sa fè nou kontan . Fòk nou di tou, nou vle fè plis, nou santi nou kapab fè plis pou ede jèn yo avanse , pou ede peyi a avanse.

**AKA : Si nou gen yon konsèy pou lòt etidyan ki ta repete menm esksperyans ak nou, kisa l t ap ye ?**

**Repons :** Pa dekouraje, avanse nan tout sikonstans. N ap jwenn moun ki vle dekouraje nou, n ap jwenn moun ki di nou anpil pawòl negatif sou lang kreyòl la, pa fache poutèt sa, kontinye vanse ak anpil detèminasyon vanse epi n ap wè pi devan gen ladan yo k ap felisite nou. Bondye konn tout bagay, avanse ak konfyans, n ap reyisi kanmenm. Nou swete tout jèn etidyan beni epi pou nou tout jwenn siksè.

Akademi Kreyòl Ayisyen felisite Angeline VEILLARD ak Diachoix BELFOND paske yo te pran ris fè memwa lisans yo nan lang kreyòl ayisyen an. Akademi an ap ankouraje lòt etidyan ak moun k ap fè rechèch pou yo kontinye pwodui nan lang kreyòl la, yon fason pou yo kontinye rann pi rich literati syantifik lang kreyòl la.

Anvan 2 etidyan sa yo, Malachy BASTIEN se dènye etidyan Akademi an te resanse ki te soutni memwa lisans li an kreyòl, 20 jiyè 2022, nan Fakilte Etnoloji.